# Málimleme xızmeti

AXBOROT XIZMATI

<table>
<tr><td rowspan="4"><br>Elmuratov Charjaubay Madenovich</td><td>Raxbar</td><td>Elmuratov Charjaubay Madenovich</td></tr>
<tr><td>El.pochta:</td><td>axborot_xiz@karakalpakstan.uz, pressa.rk@umail.uz</td></tr>
<tr><td>Telefon:</td><td>0(361) 222-92-72</td></tr>
<tr><td>Manzil:</td><td>203103, Nukus shahri, G'arezsizlik ko'chasi, 50 uy</td></tr>
</table>

Qoraqalpog`iston Respublikasi Vazirlar Kengashi Axborot xizmati xodimi (Matbuot kotibi) Ommaviy axborot vositalari bilan aloqada bo`ladi. U o`z faoliyatida O`zbekiston Respublikasi Prezidenti farmon, qaror va farmoyishlarini, Vazirlar Mahkamasi qaror va farmoyishlarini, Qoraqalpog`iston Respublikasi Vazirlar Kengashining qaror va farmoyishlarini hamda boshqa ma`lumotlarni vazirlik veb-sayti va ommaviy axborot vositalarida belgilangan tartibda  e`lon qilib borishni ta`minlaydi.

**ǴALABA XABAR QURALLARÍNÍŃ BIYǴÁREZLIGIN TÁMIYINLEW HÁM MÁMLEKETLIK UYÍMLAR HÁM SHÓLKEMLERDIŃ MÁLIMLEME XÍZMETLERINIŃ JUMÍSÍN RAWAJLANDÍRÍW BOYÍNSHA QOSÍMSHA ILAJLAR HAQQÍNDA**

**Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń**

**qararı**

Mámleketimizde sóz erkinligin támiyinlew, málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar tarawın basqarıw sistemasın qayta shólkemlestiriw, jámiyetlik-siyasiy hám sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwdıń mashqalalı máselelerin sheshiwde ǵalaba xabar quralларınıń rolin arttırıw boyınsha sezilerli jumıslar ámelge asırıldı.

Sonıń menen birge, tarawdaǵı házirgi jaǵdaydıń analizi media mákanda júzege kelip atırǵan shaqırıqlarǵa operativlilik penen múnásip juwap qaytarılmay atırǵanın kórsetip, mámlekette ámelge asırılıp atırǵan úlken kólemdegi reformalar haqqındaǵı keń kólemli maǵlıwmatlardı óz waqtında usınıw boyınsha jámiyettiń talapları málimleme tarawındaǵı jumıslardı sezilerli dárejede arttırıwdı, mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń málimleme xızmetleri, ǵalaba xabar quralларınıń jumısın sapa jaǵınan jańa basqıshqa alıp shıǵıwdı talap etpekte.

Ǵalaba xabar quralларınıń jumısı ushın maksimal dárejede qolaylı sharayatlar jaratıw, mámleket hám jámiyet arasında sapalı pikirlesiwdi jolǵa qoyıw, xalıqqa reformalardıń maqseti, wazıypaları hám nátiyjeleri haqqında operativ, qalıs hám tolıq málimleme jetkeriw, mámleketlik hám xojalıq basqarıw uyımları, jergilikli mámleketlik hákimiyat uyımları jumısınıń ashıq-aydınlıǵın arttırıw, sonday-aq, olardıń jámiyetshilik penen óz-ara birge islesiw baylanısların hám málimleme xızmetleri jumısınıń nátiyjeliligin túp-tiykarınan jaqsılaw maqsetinde:

1. 2019-jıl 1-oktyabrden baslap sonday tártip ornatılsın, oǵan muwapıq balalar ádebiyatları, sonday-aq, mayıplıǵı bolǵan shaxslar ushın mólsherlengen ónimlerdi basıp shıǵarıwǵa qánigelesken baspalar baspa jumısın ámelge asırıwǵa licenziya bergenligi ushın mámleketlik bajı tólewden azat etiledi.

2. Mámleketlik hám xojalıq basqarıw uyımları, jergilikli mámleketlik hákimiyat uyımları (keyingi orınlarda – mámleketlik uyımlar hám shólkemler)nıń ǵalaba xabar quralları menen birge islesiw hám xalıqtı xabardar etiw tarawındaǵı jumısı qanaatlandırarsız dep tabılsın.

3. Tómendegiler mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń málimleme xızmetleri, baspasóz orayları, jámiyetshilik penen baylanıslar boyınsha xızmetler (keyingi orınlarda – málimleme xızmetleri)diń tiykarǵı wazıypaları etip belgilensin:

mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń jumısı haqqında ǵalaba xabar quralları, sociallıq tarmaqlar, mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń rásmiy veb-saytları, sonday-aq, basqa da málimleme resursları arqalı, sonıń ishinde, baspasóz konferenciyaları,

birifingler, mediaturlar shólkemlestiriw jolı menen xalıqqa turaqlı, tolıq hám operativ túrde málimleme usınıp barıw;

mámleketlik uyımlar hám shólkemlerde elimizdiń jámiyetlik-siyasiy hám sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıw procesi haqqında málimleme beriw jáne sáwlelendiriw boyınsha ilajlardı islep shıǵıw hám ámelge asırıw;

mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdińń unamlı imidjin qáliplestiriw hám ilgeri súriw, jámiyetlik sorawlar ótkeriw hám basqa da formatlarda jámiyetshiliktiń pikirin úyreniw;

málimleme siyasatı tarawında ózlerine júklengen wazıypalardı ámelge asırıwda Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentligi (keyingi orınlarda – Agentlik) penen nátiyjeli ámeliy birge islesiwdi jolǵa qoyıw;

ǵalaba xabar quralları menen nátiyjeli birge islesiw, málimleme xızmetleri menen turaqlı islesetuǵın jurnalistler hám blogerlerdiń sheńberinde operativ maǵlıwmatlardı tarqatıw, sonday-aq, normativlik-huqıqıy hújjetlerdiń joybarların dodalawda xalıqtıń keń qatlamlarınıń qatnasıwın támiyinlew maqsetinde ekspertlerdiń toparın qáliplestiriw;

turaqlı túrde ǵalaba xabar qurallarında mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń basshılarınıń shıǵıwların shólkemlestiriw;

málimleme mákanı monitoringin alıp barıw hám tallaw, sın kózqarastan hám keńnen dodalanıp atırǵan málimleme topılıslarına operativ qatnas bildiriw, ǵalaba xabar quralları hám Internet tarmaǵında tiyisli mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń jumısına baylanıslı málimlemeni tarqatıw boyınsha jumıslardı shólkemlestiriw;

mámleketlik uyımlar hám shólkemler menen birgelikte jergilikli jáne sırt el ǵalaba xabar quralları arqalı tarqatıw ushın málimleme, maǵlıwmat, túsinik hám basqa da informaciyalıq-analitikalıq materiallar tayarlaw;

mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń jumısı haqqında jámiyetshiliktiń pikirin, milliy hám sırt el ǵalaba xabar qurallarınıń poziciyasın úyreniw, áhmiyetli usınıslar islep shıǵıw hám olar haqqında mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń basshılarına málimleme berip barıw;

mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń jumısın sırt el ǵalaba xabar qurallarında sapalı sáwlelendiriw maqsetinde wákillikli ministrlikler hám uyımlar arqalı Ózbekstan Respublikasınıń sırt eldegi diplomatiyalıq wákilxanaların, sonday-aq, sırt mámleketlerdiń Ózbekstandaǵı diplomatiyalıq wákilxanaların málimleme materialları (baspa ónimleri,

foto-, audio-, videomateriallar hám t.b.) menen támiyinlew;

mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń wákilligine kiretuǵın normativlik-huqıqıy hújjetlerdiń joybarları jáne olardıń tastıyıqlanǵan tekstlerin belgilengen tártipte óziniń rásmiy veb-saytlarında jaylastırıw;

mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń jumısına baylanıslı tekstli, foto-, audio- hám videomateriallardan ibarat maǵlıwmatlar bazasın qáliplestiriw hám jańalap barıw.

4. a) mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń málimleme xızmetleriniń xızmetkerleri eń baslısı jurnalistika tarawında joqarı maǵlıwmatqa iye bolǵan shaxslar arasınan lawazımǵa tayınlanatuǵını;

b) mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń málimleme xızmetleriniń basshıları:

bir waqıttıń ózinde mámleketlik uyım hám shólkem basshısı baspasóz xatkeri esaplanıp, málimleme siyasatı máseleleri boyınsha basshınıń másláhátshisi statusına iye boladı hám miynetke haqı tólew, medicina jáne transport xızmetin kórsetiw shártlerine bola mámleketlik uyım hám shólkem basshısınıń orınbasarına teńlestiriletuǵını;

tiyislisinshe Agentlik yamasa onıń aymaqlıq bólimleriniń juwmaǵın esapqa alǵan halda lawazımǵa tayınlanatuǵını;

hár úsh jılda Agentlikte attestaciyadan ótetuǵını;

v) mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń oraylıq apparatları, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, wálayatlar hám Tashkent qala, rayon (qala) hákimlikleriniń strukturalarında málimleme xızmeti názerde tutılıwı shárt.

Mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń oraylıq apparatları, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimliklerindegi málimleme xızmetleri xızmetkerleriniń sanı, qaǵıyda tárizinde, olardıń shtat birlikleri sheńberinde qáliplestiriletuǵını hám baspasóz xatkeri menen bir qatarda ǵalaba xabar quralları hám jámiyetshilik penen baylanıslar, veb-resurslar jáne sociallıq tarmaqlar menen islesiw ushın juwapker xızmetkerlerden ibarat bolatuǵını.

Mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń oraylıq apparatlarındaǵı málimleme xızmetleri xızmetkerleriniń sanı tiyisli uyım jumısınıń ózine tánliginen kelip shıqqan halda onıń basshısı tárepinen belgilenetuǵını.

Mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń uyımlıq hám aymaqlıq bólimleri málimleme xızmetleriniń jumısın shólkemlestiriw tiyisli uyımlardıń talabınan kelip shıǵıp belgileniwi

múmkin.

g) mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń málimleme jumısın muwapıqlastırıp barıw Agentlik tárepinen ámelge asırılatuǵını belgilep qoyılsın.

d) Tómendegilerge jol qoyılmaydı:

mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń málimleme xızmetlerine olardıń xızmet minnetlemelerine kirmeytuǵın qosımsha minnetlemelerdi júklewge;

málimleme xızmetleriniń funkciyaları hám wazıypaların mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń basqa da bólimlerine júklewge;

e) mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń basshıları:

málimleme xızmetleriniń zamanagóy materiallıq-texnikalıq quralları, sonıń ishinde, televizor, foto- hám video jazıp alıw quralları, joqarı tezliktegi Internetten paydalanıw imkaniyatı, zárúr programmalıq ónimler menen támiyinlengenlgi, sonday-aq, qánigeli kadrlardı tartıw ushın jeke juwapker esapalanadı;

málimleme xızmetleri xızmetkerlerine, basqa da tólemlerge qaramastan, Ózbekstan Respublikası Mámleketlik byudjeti hám mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń ózleriniń qarjıları esabınan miynetke haqı tólew fondınıń 50 procentinen az bolmaǵan muǵdarda aylıq ústeme tólewge haqlı bolıp esaplanadı;

j) málimlemeler mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń veb-saytlarında, sociallıq tarmaqlarda, mobil messendjerlerdegi betlerinde kúnine keminde bir ret jaylastırılıwı hám jańalanıwı kerek.

5. Mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń málimleme xızmetleriniń jumısın monitoring etiw nátiyjeli sistemasın engiziw, ǵalaba xabar quralları menen óz-ara birge islesiw boyınsha jumıslardı shólkemlestiriwde olarǵa járdemlesiw, sonday-aq, málimleme xújimlerine operativlilik penen juwap qaytarıw maqsetinde Agentliktiń mámleketlik uyımlarınıń málimleme xızmetlerin muwapıqlastırıw bólimi Agentliktiń oraylıq apparatı basqarıw xızmetkerleriniń belgilengen ulıwma sanı tiyislisinshe arttırıp, 5 shtat birligin qosımsha ajıratqan halda Málimleme xızmetleriniń jumısın shólkemlestiriw hám muwapıqlastırıw basqarması sıpatında qayta shólkemlestirilsin.

Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent qalası málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar basqarmalarında 14 shtat birliklerin qosımsha ajıratqan halda málimleme xızmetleriniń jumısın shólkemlestiriw hám muwapıqlastırıw sektorı

shólkemlestirilsin.

6.Mámleketlik uyımlar hám shólkemler:

Ózbekstan Respublikası Málimleme texnologiyalar hám kommunikaciyaların rawajlandırıw ministrligi menen birgelikte bir ay múddette baspasóz xatkerlerin baylanıs quralları, sonıń ishinde, húkimetlik baylanıs, sonday-aq, keń polosalı Internet tarmaǵına jalǵanıw imkaniyatı menen támiyinlesin;

mámleketlik uyımlar hám shólkemler málimleme xızmetleri xızmetkerlerin tájiriybe arttırıw hám sırt mámleketlerdiń tiyisli shólkemler menen jaqınnan tanısıw, sonday-aq, olardı málimleme jaǵınan támiyinlew ushın sapar etetuǵın delegaciyalardıń quramına kirgiziw ilajların kórsin.

7. Agentlik Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyasınıń strukturalıq bólimleri, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti, ministrlikler hám uyımlar, qánigeler hám ekspertlerdi tartqan halda qabıl etiliwi rejelestirilgen hám qabıl etilgen sociallıq áhmiyetke iye normativlik-huqıqıy hújjetlerdiń qaǵıydalarınıń, sonday-aq, áhmiyetli máseleler boyınsha kútilip atırǵan shólkemlestiriwshilik ilajlardıń ǵalaba xabar quralların da hám Internet tarmaǵında keńnen sáwleleniwin támiyinlesin.

8. Agentlik:

mámleketlik uyımlar hám shólkemler tárepinen Ózbekstan Respublikasınıń nızamları, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń qararları hám tapsırmalarınıń orınlanıwı haqqındaǵı jámiyetshiliktiń pikirin, sonday-aq, olardıń orınlanıwı boyınsha ǵalaba xabar quralları hám Internet tarmaǵındaǵı veb-saytlarında mámleketlik uyımlar hám shólkemler járiyalaǵan materiallardı monitoring jolı menen turaqlı túrde úyrenip barsın hám nızam hújjetlerinde názerde tutılǵan ilajlardı kóriw ushın tiyisli mámleketlik hákimiyat jáne basqarıw uyımlarına málimleme (kórsetpeler) kirgizsin;

Ózbekstan Respublikası Prezidenti janındaǵı Mámleketlik basqarıw akademiyası hám Ózbekstan Jurnalistika hám ǵalaba kommunikaciyalar universiteti menen birgelikte mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdegi málimleme xızmetleriniń xızmetkerleri hám basshılarınıń qánigeligin arttırıw kursların shólkemlestirsin;

eki ay múddette mápdar ministrlikler hám uyımlar menen birgelikte málimleme xızmetleriniń basshıların attestaciyadan ótkeriw tártibin, sonday-aq, olardıń jumıs nátiyjeliligin bahalaw ólshemlerin islep shıqsın hám tastıyıqlasın;

2020-jıl 1-yanvarǵa shekem mápdar ministrlikler hám uyımlar menen birgelikte

mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń málimleme xızmetleriniń basshıların nızam hújjetlerine muwapıq attestaciyadan ótkersin;

mámleketlik uyımlar hám shólkemlerge olardıń jumısınıń ashıq-aydınlıǵın támiyinlew, ǵalaba xabar quralları menen óz-ara birge islesiwdi jaqsılaw, sonday-aq, málimleme xızmetlerin metodikalıq jaqtan qollap-quwatlaw boyınsha turaqlı járdem kórsetip barsın;

ǵalaba xabar quralları, Internet tarmaǵı, sonıń ishinde, sociallıq tarmaqlar hám mobil messendjerlerde járiyalanıp atırǵan xalıqtıń keń qatlamlarınıń pikirine unamsız tásir kórsetetuǵın maǵlıwmatlardıń turaqlı monitoringin ámelge asırsın hám tiyisli mámleketlik uyımlar jáne shólkemlerdiń málimleme xızmetleri múnásibet bildiriwi ushın olarǵa jibersin;

mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń málimleme xızmetleriniń xızmetkerlerin, sonıń ishinde, mámleketlik sıylıqlarǵa usınıw arqalı xoshametlep barıw ilajların kórsin;

mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń málimleme xızmetleri reestrin qáliplestirsin jáne onı turaqlı jańalap barsın;

mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń málimleme xızmetleriniń jumısın, olardıń maman kadrlar, materiallıq-texnikalıq qurallar menen támiyinlengenligi hám olarǵa júkletilgen wazıypalardıń orınlanıwın úyrensin.

9.Ózbekstan Respublikası Qarjı ministrligi:

sırt elde Ózbekstannıń unamlı imidjin alǵa qoyıw hám mámleketimizde ámelge asırılıp atırǵan reformalar haqqında úgit-násiyatlaw hám jámiyetshilikti keńnen xabardar etiwge qaratılǵan málimleme kampaniyaların ótkeriw maqsetinde Ózbekstan Respublikasınıń málimleme tarawı hám ǵalaba kommunikaciyalardı rawajlandırıwdı qollap-quwatlaw qorına Ózbekstan Respublikası Mámleketlik byudjeti qarjıları esabınan hár jılı 20 milliard sum ajıratılıwın támiyinlesin.

hár jılı Ózbekstan Respublikası Mámleketlik byudjet parametrlerin qáliplestiriwde Agentlik hám onıń aymaqlıq bólimleri támiynatı hám materiallıq-texnikalıq úskeneleniwi ushın qarjılardı názerde tutsın.

12.Agentlikke ilajlar (konferenciyalar, brifingler, «dógerek sáwbetleri», prezentaciyalar hám basqalar)dı shólkemlestiriwge baylanıslı júkletilgen wazıypalardıń lazım dárejede orınlanıwın támiyinlew maqsetinde Málimleme tarawı hám ǵalaba kommunikaciyalardı rawajlandırıwdı qollap-quwatlaw qorınıń qarjıları esabınan jumıslar (xızmetler) jetkerip beriwshiler menen tikkeley shártnamalar dúziwge ayrıqsha túrde ruxsat berilsin.

13.Málimleme texnologiyaları hám kommunikaciyaların rawajlandırıw ministrligi málimleme qáwipsizliginiń máplerinen kelip shıqqan halda mámleketlik uyımlar hám shólkemler jáne ǵalaba xabar quralları́nıń Internet tarmaǵınan paydalanıwı, texnikalıq xızmet kórsetiliwi hám jalǵanıwı jáne olardıń serverleri TAS-IX tarmaǵına jaylastırılıwına baylanıslı qárejetlerdi azaytıw ilajların kórsin.

14.Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 2-fevraldaǵı «Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentliginiń jumısın shólkemlestiriw haqqında»ǵı PQ-4151-sanlı qararına qosımshaǵa muwapıq ózgerisler kirgizilsin.

15.Ózbekstan Respublikası Ádillik ministrligi:

Agentlik, mápdar ministrlikler hám uyımlar menen birgelikte 2019-jıl 1-sentyabrge shekem Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine ǵalaba xabar quralları hám poligrafiyalıq kárxanalardı mámleketlik dizimnen ótkeriw, sonday-aq, baspa jumısın licenziyalaw boyınsha mámleketlik xızmetlerdi kórsetiw administrativlik reglamentler joybarların kirgizsin;

eki ay múddette Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine mámleketlik uyımlar hám shólkemler tárepinen maǵlıwmat usınılmaǵanlıǵı yamasa nadurıs maǵlıwmat usınılǵanlıǵı, sonday-aq, ǵalaba xabar qurallarınıń jumısına tosqınlıq etkenligi hám jurnalistlerge basım ótkergenligi ushın juwapkershilikti belgilew haqqında usınıslar kirgizsin.

16.Agentlik mápdar ministrlikler hám uyımlar menen birgelikte eki ay múddette nızam hújjetlerine usı qarardan kelip shıǵatuǵın ózgerisler hám qosımshalar haqqında Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine usınıslar kirgizsin.

17.Usı qarardıń orınlanıwın qadaǵalaw Ózbekstan Respublikasınıń Bas ministri A.N.Aripovqa hám Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyasınıń baslıǵı Z.SH.Nizomiddinovqa júklensin.

Ózbekstan Respublikası

Prezidenti SH.MIRZIYoEV

Tashkent qalası,

2019-jıl 27-iyun